

## Kouman pou anpeche anwayisman pinèz nan atik moun fè kado kòm don

### Yon gid pou kliyan

- Òganizasyon ki fè zèv lacharite, magazen ki vann atik izaje ak lòt tip òganizasyon konn distribye plizyè milyon atik an donasyon chak ane. Byenke chans pou jwenn pinèz nan atik izaje yo minim, li vin deplizanpli komen pou jwenn kay ak biznis ki enfeste ak pinèz nan Vil Nouyòk ak toupatou nan peyi a.
- Pa gen moun ki ta vle gen pinèz ! Men kèk mwayen byen senp ki kapab anpeche pinèz anvayi objè w ap bay kòm donasyon, ak lè w ap resevwa oswa achte atik izaje.

### Lè w ap bay atik an donasyon

- Bay sèlman atik ki pwòp, ki an bon kondisyon e ki pa genyen pinèz ladan yo, ni okenn lòt ensèk nuizib oswa bagay ki ka kontamine moun.
- Lave tout rad oswa bay yo nan dray, answit triye yo epi anbale yo kòm sadwa nan sache. Jete tout atik ki enfeste e ke yo pa p kapab trete fasil yo defason apwopriye. Pa janm fè kado oswa vann atik ki enfeste !
- Mande òganizasyon ou gen entansyon fè kado atik yo kouman yo ta renmen resevwa donasyon w lan. Pa egzanp, genyen ladan yo ki mande pou w fè lis atik w ap fè kado yo oswa pou w anbale yo yon sèten fason.
- Depatman lasante rekòmande pou òganizasyon ak magazen pale ak donatè yo osijè de pinèz. Pa pè reponn sensèman - ou pa bezwen wont. Nenpòt moun ka gen pinèz lakay yo !
- Pwoteje òganizasyon zèv w ap bay sipò yo. Sonje ke yon atik ki enfeste oswa ki domaje kapab koute òganizasyon an plis kòb pou li netwaye, repare oswa jete atik la ke pri atik la koute. Epitou, menm lè se yon sèl atik ki enfeste, li kapab gaye pinèz toupatou nan yon imèb.

### Lè w ap resevwa atik

- Toujou mande òganizasyon an kouman li trete machandiz li resevwa yo avan w achte oswa resevwa atik izaje nan men l. Genyen kèlke òganizasyon ki fè zèv ak magazen ki vann atik izaje ki enspekte regilyèman tout donasyon yo resevwa pou pinèz ak lòt ensèk nuizib, e yo lave epi trete atik yo avan yo vann oswa fè kado yo. Men genyen anpil lòt ki pa fè sa.
- Aprann kouman pou w rekonèt pinèz ak tras yo kite deyè yo (tankou tach san, po yo jete lè y ap chanje po ak ekskremans yo).
- Enspekte chak atik ou resevwa de pak an pak avan w melanje l ak lòt bagay ou posede. Men kèk ti konsèy pou w suiv pou sa.

### Matla, some ak ankadreman kabann

- Majorite pinèz ki enfeste kay yo, se nan matla ak some yo toujou jwenn yo. Pa aksepte resevwa ankado ni pa achte matla oswa some izaje sof si w sèten ke yo te rekondisyone ak dezenfekte yo.
- Enspekte ankadreman kabann ak tèt kabann yo de pak an pak. Kanta kabann an bwa yo (sitou kabann anfòm bwat ki gen tiwa sou kote yo) ak tèt kabann yo (sitou lè se ak lozye yo fèt), yo konn kenbe plis pinèz pase sa ki fèt an metal yo. Pinèz konn kache kò yo tou nan ti krevas ki nan atik an metal ak an plastik epi nan zòn kote matla a rankontre ak ankadreman fè kabann nan.
- Enspekte tou liy kouti yo. Gade pa anndan pli ak anba bouton, anba klips ak ti klou pinèz nan mèb yo. Si matla oswa some a rekouvri ak yon plastik, gade anndan kouti plastik la ak anndan kote plastik la gen twou ladan l yo.
- Si w resevwa ankado oswa w achte yon kabann izaje, enspekte li de pak an pak jan nou dekri l pi wo a epi kouvri ni matla ni some nan yon sak plastik ki zipe. Kite sak la sou yo pandan omwen ennan. Enspekte sak zipe a regilyèman, epi repare tout twou oswa chire li ta ka genyen imedyatman.

### Rad

## The New York City Department of Health and Mental Hygiene

- o Gade pou wè si gen pinèz nan rad ak lòt twal, tankou manto, dra, lenn ak jwèt anpelich. Enspekte tout pòch, pwayè chemiz, doubli, kote ki ranboure ak ki gen pli.
- o Mete atik ou fèk resevwa yo nan yon sache plastik byen sele. Tout rad ki kapab lave, lave yo leplito ke posib, avan w melanje yo ak lòt rad ou yo. Pou detwi ni pinèz ni ze yo, lave atik yo ak dlo cho (pi cho ke 140 degre) epi seche yo ak tanperati ki pi cho a pandan 20 minit.
- o Drayklinin ak netwayaj avapè va dezenfekte rad ki pa kapab lave epi seche ak anpil chalè yo de pinèz ki ladan yo.

### Mèb

- o Evite pran mèb ki domaje. Paske twou ak fant bay pinèz plas pou yo antre kache ladan yo.
- o Enspekte mèb la de pak an pak avan w pote l lakay ou. Sèvi ak yon flash ak yon loup pou ede w wè pi byen.
- o Tcheke mèb ki ranboure pou wè si yo pa genyen twou oswa dechiri kote pinèz kapab antre al kache. Verifye kouti yo ak doubli yo ak prekosyon. Retire kousen yo epi tcheke sou anba yo ak dèyè do yo.
- o Tcheke tout sifas, ata twou vis ak klou. Retire tiwa yo epi tcheke tout kwen, fant, krevas, liy kouti ak jwenti ansanm ak do ak anba tiwa a.
- o Pou w tcheke si gen pinèz nan fant ak krevas, sèvi ak yon kouto pou mastike oswa yon ansyen kat kredi.

### Malèt

- o Pinèz konn pran woulib nan malèt, sitou nan malèt ki fèt ak twal mou yo.
- o Tcheke tout doubli, pli ak kouti. Gade anba lannye yo ak sou tout longè arebò zip yo. Si sa posib (selon materyèl li fèt avè l la), pase malèt la nan yon sechwa byen cho pou tiye pinèz yo. Oswa itilize yon sechwa cheve ou kenbe nan men yo pou chofe liy kouti yo.

### Tablo ak ankadreman tablo

- o Egzamine do tablo yo ak ankadreman tablo yo pou wè si pa genyen tach nwa oswa mawon ki kapab reprezante siy ke genyen pinèz ladan yo.
- o Evite ankadreman ki pore (ki ka absòbe dlo) ak sa ki genyen yon pakèt dekorasyon anrelyèf sou yo. Chwazi ankadreman ki fèt ak bwa lis ki pa gen mak sou yo pito.

### Aparèy elektrik ak elektwonik nan kay

- o Aparèy pou kwizin, pou fè espò, aparèy elektwonik ak lòt atik menaje, se pa anplasman kote w ap jwenn pinèz fasil, men egzamine yo kanmèm.
- o Fè plis atansyon ak atik yo te kenbe nan chanm a kouche yo.